

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64

Tab Number: 75


Document Title: Edikasyon sivik

Document Date: 1995

Document Country: Haiti

Document Language: Creole

IFES ID: CE00794



\* 6 0 2 C D 2 5 A - A E A A - 4 E C 9 - 8 E D 4 - 5 3 F 4 B 7 9 0 0 3 0 C \*

# Edikasyon | Gid pou sivik | animate



Ministè Edikasyon Nasyonal,  
Sekretarya Jenès ak Espò



Finansman PNUD  
pou bay travay KEP la Jarét

{

F Clifton Webb  
International Inc.

source Center  
for Election Systems

**Edikasyon | Glad pou  
sivik | animatè**

Liv 1

1995

# **Edikasyon | Glad pou sivik | animatè**




**Ministè Edikasyon Nasyonal,  
Sekretarya Jenès ak Espò**

○  
**Finansman PNUD  
pou bay travay KEP la jarèt**

## **Sa ki nan liv la**

|   |           |
|---|-----------|
| <b>SITWAYEN .....</b>                   | <b>1</b>  |
| Sitwayen .....                          | 3         |
| <b>LETA .....</b>                       | <b>9</b>  |
| Ki wòl leta, Ki jan leta òganize? ..... | 10        |
| <b>POLITIK.....</b>                     | <b>15</b> |
| Ki sa yo rele <i>politik</i> ? .....    | 17        |
| <b>VOTE .....</b>                       | <b>21</b> |
| Vote .....                              | 22        |

**SITWAYEN**



## **■ Sitwayen**

### **1.- Ki lè yon moun sitwayen ?**

Men sa konstitisyon an di sou sa :

- Si w Ayisyen
- Si w gen tout dwa sivil ou
- Si w gen tout dwa politik ou:

**Ou se sitwayen**

Egzanp dwa sivil :

dwa pou moun gen yon non, yon nasyonalite.

Egzanp dwa politik : fè pati politik, vote

### **2.- Ki wòl yon sitwayen nan sosyete a ?**

*Nan 3 konpòtman sa yo, ki sa ou wè ki pi bon :*

|  | wi | non |
|--|----|-----|
| Kanpe gade ki bò y ap mennen peyi a  |    |     |
| Kouri prese pote kole, san kalkile, san gade dèyè  |    |     |
| Kalkile byen kouman ou menm, w ap pote wòch pa w pou fè pil ak pa lòt moun pou batí peyi a |    |     |

## *Èske yon sitwayen fèt :*

- Pou l aprann konnen dwa li ?
  - Pou l defann dwa li ?
  - Pou l sèvi avèk dwa li ?
  - Pou l pran rekonsablite sitwayen li ?
  - Pou l fè peyi a vanse ?
  - Pou l di tout sa li panse sou zafè peyi l ?
- 

## **Ki sa yo rele patisipe ?**

Yon kasyon nou dwe repon n.

### **Ki dwa yon sitwayen genyen ?**

- 1- Tout moun gen dwa viv  
Tout moun gen dwa viv an sante  
(lavi - lasante - respè pou lavi)
  - 2- Chak moun gen dwa viv lib  
(libète - arestasyon - prizon - manda...)
  - 3- Moun gen dwa pale lib.  
Moun gen dwa ekri lib
  - 4- Moun gen dwa suiv kwayans yo  
ak reliyon yo, lib
-

- 5- Moun gen dwa reyini lib  
Moun lib fè asosiyasyon yo vle
- 6- Chak moun gen dwa jwenn bon jan fòmasyon  
ak bon jan konesans (*Pwooblèm pa konn li, pa konn ekri - Lang kreyòl - alfabetizasyon*)
- 7- Nenpòt ki moun gen dwa travay, lib
- 8- Moun gen dwa gen byen pa yo ki rele yo chè  
mèt chè mètrès
- 9- Moun gen dwa jwenn bon enfòmasyon
- 10- Moun gen dwa viv an pè, nan peyi a

---

**Eske ou santi ou se sitwayen nan peyi a vre ?**

.....

---

**Ki jan pou ou vin sitwayen vre ?**

.....

---

**Ki jan pou w toujou rete sitwayen ?**

.....

---

**Ki devwa yon sitwayen genyen ?**

*Yon sitwayen:*

- 1- dwe respekte konstitisyon an ak drapo peyi a
- 2- dwe respekte lafwa
- 3- dwe vote nan elekson , san yo pa fòse l
- 4- dwe peye taks
- 5- dwe dakò pou li sèvi kòm manm jiri, nan tribinal
- 6- dwe defann peyi l, si gen lagè
- 7- dwe chèche konnen,  
epi chèche ogmante konesans li
- 8- dwe bay konkou l nan pwòpte peyi a,  
nan pwoteje tè a, ak tou sa ki alantou tè a
- 9- dwe sansib anpil pou lajan leta ak pou byen leta
- 10- dwe respekte byen lòt moun
- 11- dwe travay pou tout moun viv an pè
- 12- dwe toujou prèt pou li bay konkou, lè moun an  
danje
- 13- dwe respekte dwa ak libète lòt moun

## **Dwa ak Devwa mache ansanm**

Dwa w se tout pwoteksyon, tout libète, tout sèvis leta ak rès sosyete a oblige ba w, pou w ka viv alèz nan peyi a.

Devwa w se tout sa ou menm, ou oblige bay leta ak rès sosyete a pou tout lòt moun nan peyi a ka viv alèz tou.

Paregzanp, se yon devwa pou nou travay pou tout moun viv an pè. Menm jan an tou , se yon dwa nou genyen pou leta garanti sekirite nou.

---

**Ki lòt egzanp ou jwenn kote dwa ak devwa mache ansanm tankou marasa ?**

.....

.....

.....

.....

---

SE DWA TOUT MOUN  
POU JWENN JISTIS.



**L**  
**ETA**

## **Ki wòl leta, Ki jan leta organize ?**

*Wòl Leta se :*

- travay nan enterè pèp la. Leta fèt pou li osèvis pèp la
- bati yon sosyete kote yo respekte dwa tout moun
- fè tout sa l' kapab pou tout moun mete men nan zafè peyi a

### **Ayiti se yon repiblik**

*Pouvwa leta a gen 3 branch :*

- pouvwa lejislatif
- pouvwa egzekitif
- pouvwa jidisyè

**Nan pouvwa lejislatif gen depite ak senatè**

*Wòl depite ak senatè :*

- se fè lwa ki pou pèmèt pèp la viv pi byen
- se veye jan pouvwa egzekitif la ap mennen bak leta a.

**Nan pouvwa egzekitif la, ou jwenn 2 tèt :**

- Prezidan repiblik la ki chèf leta

- Premye minis la ki chèf gouvènman an

*Wòl prezidan an :*

- se dirije leta
- se chwazi premye minis la apre li fin pale ak prezidan 2 chanm yo

*Wòl premye minis lan se :*

- se nonmen anplwaye leta epi revoke yo.  
Fè obeyi lwa yo
- se chwazi manm gouvènman an ansanm ak Prezidan an
- se fè yon jan pou minis yo kolabore nan travay yo
- se prepare pwojè lwa ansanm ak minis yo  
pou voye devan lachanm

Lame ak lapolis se 2 kò ki sou kont pouvwa egzekitif la. Lame sou zòd Ministè Defans. La-polis sou zòd Ministè Lajistis.

**Nan pouvwa jidisyè a ou jwenn :**

- Jij
- Komisè gouvènman

*Wòl jij yo :*

- se bay lajistis san paspouki

*Wòl komisè yo :*

- se veye pou moun jwenn jistis, epi pou yo aplike lalwa kòmsadwa kont tout moun ki koupab.

**Ki kote pouvwa pèp la chita**

*Peyi a divize an zòn :*

- Zòn ki pi piti se seksyon kominal
- Zòn ki pi gwo pase seksyon kominal se komin
- Zòn ki pi gwo pase ni seksyon kominal ni komin se depatman.

Fèt pou genyen **Asanble ak Konsèy** nan chak seksyon kominal, nan chak komin, nan chak depatman.

**Ki enpòtans asanble yo genyen?**

Se devwa tout sitwayen pou yo chwazi reprezantan yo.

**Nan pouvwa egzekitif** : tout sitwayen vote pou prezidan

**Nan pouvwa lejislatif**: tout sitwayen vote senatè ak depite nan zòn yo

**Nan pouvwa jidisyè**, kote pouvwa pèp la chita? Pouvwa pèp la pase pa yon chemen dekoupe ki montre enpòtans asanble yo.

**Pou jij Tribunal Kasasyon**, se senatè yo ki voye yon lis non moun pou yo nonmen kòm jij. Kon sa, lè nou vote pou senatè, nou ba yo pouvwa pou yo chwazi jij tribunal kasasyon yo.

**Pou jij Tribunal premye jijman ak jij Tribunal dezyèm jijman**, se Asanble depatman yo ki voye yon lis non moun bay Prezidan an.

Kanta pou jij de pè, se **Asanble kominal** yo ki voye lis la.

|                               | <b>Seksyon kominal</b>                          | <b>Komin</b>                                    | <b>Depatman</b>                                 |
|-------------------------------|---|---|---|
| Konsèy                        | 3 manm  | 3 manm  | 3 manm  |
| Asanble                       | delege bitasyon                                 | reprezantan tout seksyon kominal yo             | reprezantan tout asanble kominal yo             |
| ki moun ki vote pou konsèy la | tout pèp seksyon kominal la                     | tout pèp komin nan                              | Asanble depatman an                             |
| Pou konben tan                | 4 an  | 4 an  | 4 an  |
| Yo gen dwa double             | wi  | wi  |   |
| kondisyon pou moun kandida    | Ayisyen/<br>25 an/<br>dwa sivil/<br>dwa politik | Ayisyen/<br>25 an/<br>dwa sivil/<br>dwa politik | Ayisyen/<br>25 an/<br>dwa sivil/<br>dwa politik |

### *Ki wòl asanble yo:*

Wòl asenble yo se rive fè tout sitwayen k ap viv nan yon lokalite, patisipe nan tout desizyon k ap pran konsènan zòn I ap viv la, epi kontwole tout tan tout sa k ap regle nan tout kesyon tankou: zafè lekòl, zafè lasante, zafè jistis, zafè travay, zafè tè, zafè komès.

# **POLITIK**

KASEK...

SENATE... DEPITE...  
MAJISTRA...

KILES

MTA CHWAZI ?



---

## **■ Ki sa yo rele politik ?**

---

- 1. Politik se tout sa ki konsènen yon peyi**
- 2. Politik se fason, se mannyè  
yo dirije yon peyi**

Kon sa ,

*Politik se zafè tout moun*

*Vle pa vle tout moun nan politik. Kon sa menm si w di ou pa nan politik, ou fè politik kanmenm.*

*Lè se vakabon; vòlè, magouyè k ap dirije yon peyi, k ap fè politik nan yon peyi, politik vin yon bagay sal :*

- se pate moun mal
  - se lonje dwèt sou moun
  - se kraze zo moun
  - se touye moun
  - se fèmen moun nan prizon san rezon
-

- se egzile moun
- se vòlè lajan leta
- se fè lenjistis
- se toupizi malere ... eksatera

Men, lè se moun de byen k ap dirije, k ap fè politik, politik vin yon bagay ki bél, yon bagay ki pwòp.

- Lè sa a, fè politik :
- se travay pou tout moun santi yo lib
- se travay pou tout moun viv byen nan peyi yo
- se sèvi peyi a, sèvi tout moun ki nan peyi a

Kon sa,

*Fè politik se travay nan enterè peyi a, sèvi ak mwayen ou genyen, ak entèlijans ou pou peyi a vin pi bél, pi anfòm, kèlkelanswa danje ak difikilte ki genyen.*

**Ki mwayen lalwa bay yon sitwayen pou li di mo pa l nan zafè peyi l ?**

**Sitwayen yo gen dwa :**

- chwazi reprezantan yo
- kandida nan eleksyon
- mete tèt yo ansanm pou yo fòme òganizasyon politik, òganizasyon sosyal, òganizasyon ekonomik
- mete tèt yo ansanm pou yo ekri otorite lèt pou yo mande sa yo bezwen, fè grèv ak manifestasyon ki respekte lalwa.

**Ki sa yon pati politik ye ?**

**Èske tout moun konprann politik menm jan ?**

- Tout moun pa konprann pwoblèm peyi a menm jan. Tout pa gen menm lide. Konsa moun ki gen menm lide mete tèt yo ansanm pou yo ka gen plis fòs pou fè lide yo pase nan sosyete a.
- Yon pati politik se yon gwoup sitwayen ki mete tèt yo ansanm pou yo defann yon pwogram politik, pou di ki jan pou peyi a mache, etan y ap travay pou rive pran pouvwa a.
- Tout pati politik pa gen menm pwogram
- Tout pati politik pa nan menm kan
- Tout pati politik pa gen menm chapant.  
Yo pa òganize menm jan.

**PA KITE YO ACHTE KONSYANS OU  
PA VOTE POU LAJAN !**



**VOTE**

---

## **■ Vote**

**Vote** se yon dwa, se yon devwa, se yon gwo responsabilite pou tout sitwayen ki gen 18 an e ki gen konprann

**Vote** se pi bon fason pou chwazi sa ou vle pou komi-note a e pou peyi a.

se pi bon fason pou fè moun konnen sa ou vle

se pi bon fason pou di mo pa w nan zafè peyi a

Men nou pa ka vote nenpòt ki lè, nenpòt ki jan, nan nénpòt ki kondisyon

### **Pou moun vote :**

- Fòk gen sekirite nan peyi a
- Fòk eleksyon yo lib pou tout sitwayen ka patisipe

### ***Jan Konstitisyon an di l :***

**Pèsonn pa gen dwa fòse moun al vote**

**ATANSYON: Pa kite yo achte konsyans nou.  
Pa vote pou lajan**

## *Eleksyon enpòtan nan tout branch:*

- eleksyon manm KASEK
- eleksyon Majistra
- eleksyon Depite
- eleksyon Senatè
- eleksyon Prezidan

Se chak moun sa yo ou bay wòt yo nan zafè peyi

Se chak moun sa yo ki pral pran desizyon pou ou

**Pou ki sa nou dwe vote,  
Ki sa n ap chache pou peyi a ?**

*Eske se*

- JISTIS ?
- SEKIRITE ?
- DEMOKRASI ?
- PWOGRÈ ?

---

**Ki lòt bagay nou vle ?**

.....

---

**Èske vote sèlman ka regle zafè nou kòm sitwayen ?**

Lè nou fin bay bilten vòt nou nan eleksyon, eske travay nou fini ?

Èske move je pa kapab pase vòt pèp la anba pye ?

Ki jan nou kapab anpeche sa rive ?

**Ki wòl reprezantan nou vote pou yo a ?**

Yo gen pou yo fè travay lalwa mande yo pou yo fè

Èske yo dwe bay pèp la rapò sou travay sa a ?

**Detwa mak fabrik yon bon kandida**

*Yon bon kandida*

- se yon moun ki kapab fè travay yo ba l fè a
- se yon moun ki serye
- se yon moun ki kenbe fèm
- se yon moun ki konsekan
- se yon moun ki gen yon sèl pawòl

- se yon moun ki devwe pou kominote l ak peyi a
- se yon moun ki bay prèv li vle demokrasi toutbon vre

- Li pa magouye
- li pa gen dwèt long
- li pa machann peyi
- li pa gran panpan, gran dizè

**Enpòtans batistè - kat didantite - kat elektoral**

*Pou ki sa tout moun dwe gen batistè ?*

|   | se vre | se pa vre |
|---|--------|-----------|
| Se pi bon mwayen pou leta<br>konnen ki moun ou ye |        |           |

*Èske gen lòt pyès ki ka ranplase batistè ?*

Ki enfòmasyon ki pi enpòtan nou jwenn nan ba-  
tistè yon moun ?

## **1- Non moun nan**

**2- Non ak Siyati (tit) manman l, oswa papa l, oswa toulede**

**3- Kote moun nan fèt**

**4- Dat moun nan fèt (jou - dat - mwa - lane)**

Pi fò enfòmasyon sa yo, nou jwenn yo ni nan kat didantite ni nan kat elektoral

**Modèl kat elektoral**

|   |   |   |                      |   |   |  |  |
|---|---|---|----------------------|---|---|--|--|
|   |   | Republik Ayiti<br>Konsey Elektoral Provizwa<br><b>KAT ELEKTORAL</b> |                      |   |   |  |  |
| No. Kat :   | 3801652   |   | Biwo:                | <input type="text"/> | <input type="text"/> <input type="text"/> |  |  |
| Siyati :  |   |   |                      |   |   |  |  |
| Non :   |   |   |                      |   |   |  |  |
| Adres :   |   |   |                      |   |   |  |  |
| Jou ou te Fet :   | <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/>                      | Laj :   | <input type="text"/> | Gason   | Fam                                       |  |  |
| Sikonskripsyon Vot :  |   |   |                      |   |   |  |  |
| Eskriyen  | Dat Enskripsyon   |   | Presidan             | Siyen   | Sekrete                                   |  |  |
| <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> | <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> |   |                      |   |   |  |  |

- Ki sa pou yon animatè konnen,  
ki sa li dwe kapab fè**

Yon animatè dwe kapab :

- 1- esplike yon moun ki sa yon sitwayen ye
- 2- bay lis dwa ak devwa yon sitwayen
- 3- esplike ki jan leta òganize
- 4- esplike ki kote pouvwa politik la chita depi nan bitasyon, depi nan katye jouk non palè nasyonal
- 5- esplike ki sa yo rele politik
- 6- esplike ki mwayen lalwa bay yon sitwayen pou li boy lide l nan zafè peyi li
- 7- esplike ki sa yon pati politik ye
- 8- esplike ki sa vote vle di  
    ki enpòtans vote jounen jodi a genyen pou ncu  
    ki wòl reprezantan nou vote pou yo a  
    Pou ki sa nou dwe vote

- 9- detaye mak fabrik yon bon kandida
- 10- montre ki jan pou moun vote
- 11- esplike empòtans : **batistè**  
                         **kat didantite**  
                         **kat elektoral**
- bay tout enfòmasyon ou bezwen pou sa
- 12- vin bòs nan kèk teknik animasyon :
- ki jan pou parèt sou moun epi ki jan pou pale avè yo
  - ki jan pou yon reyinyon mache
  - ki jan pou òganize yon brase lide
  - teyat popilè
- 13- vin bòs nan ekri kreyòl
- 14- ekri lèt enprimri degrennen  
     ekri yon mesaj sou yon pannkat
- 15- ede yon gwooup moun brase lide sou :
- patisipasyon
  - vote sèlman pa ka regle pwoblèm nou kòm sitwayen
-

- koze: jistis - sekirite - demokrasi - pwogrè

#### **□ Kèk konsèy pou animatè yo**

- Pale avèk yon gwoup moun pi bon pase pale avèk moun degrennen
- Lè yon gwoup moun rasanble, se gwo richès nou genyen :
  - a) chak moun ki la, genyen yon dal bagay yo konnen.  
Yo abitye reflechi, yo gen esperyans lavi a
  - b) Youn kapab oprann nan men lòt. Youn kapab pote yon diplis sou sa yon lòt di.

#### *Pa blye :*

- . ankouraje moun yo pale anvan ou bay enfòmasyon ou gen pou pote pou yo
- . ankouraje yo brase lide sou tout pwen nou pote
- . lè yo mande w yon kesyon ou pa konnen, pa wont di : ou pa konnen, ou pral chache plis enfòmasyon sou sa

*Brase lide a kapab fèt avèk :*

- yon afich
- avèk yon tèks nou li osnon nou tandé nan radyo
- avèk yon ti teyat ki montre sitiyyasyon n ap pale a
- avèk yon chante ki pote pawòl pou moun reflechi

*Pa blyye :*

- lè w ap ekri yon mo osnon yon mesaj sou yon tablo, yon pannkat, toujou ekri avèk lèt ak chif ki gen bél fòm tankou nan liv, yon fason pou ankouraje moun li pi fasil oubyen aprann li.

Achevé d'imprimer  
2ème trimestre 1995


---

Mise en page: *Ateliers Graphiques Photovision*  
Illustration: *Guy Constant*  
Impression: *Pressmax*

BIWO  
ENSKRIPSYON







izOLWA

izOLWA

izOLWA

